



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BRASRI BREWERY OMMEGANG AK BRASRI ROSCOE NY BEER CO. LA CHANPYON KONKOU BYÈ ATIZANAL NAN OUVÈTI TASTE NY LA (TASTE NY INAUGURAL CRAFT BEER CHALLENGE)

Senk Dènye Brasri ki te Patisipe nan Tès Goute Anonim nan Waf A nan Vil New York; Rezilta se te yon Match Nil ant Brasri Cooperstown lan ak Brasri Roscoe a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konkou Byè Atizanal nan Ouvèti Taste NY la fini. Yo te deklare brasri Brewery Ommegang ki soti nan Cooperstown ak Brasri Roscoe NY Beer Co. ki soti Roscoe kòm gayan nan yon match nil aprè tès goute anonim ki te gen senk brasri ki te resevwa plis vòt nan konkou a yo: Brasri Brewery Ommegang nan Cooperstown, Brasri Genesee Brewing Company nan Rochester, Brasri Prison City Pub and Brewery nan Auburn, Brasri Roscoe NY Beer Co. nan Roscoe, ak Brasri Southern Tier Brewing Company nan Lakewood.

“Se yon onè pou mwen pou m deklare Brasri Brewery Ommegang lan ak Brasri Roscoe NY Beer Co. kòm gayan Konkou Byè Atizanal nan Ouvèti Taste NY la, epi mwen remèsye toulesenk finalis yo pou patisipasyon yo nan evènman sa a,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Brasri byè atizanal New York yo non sèlman yo se yon sous fyète lokal, men tou yo kreye djòb epi estimile touris nan kat kwen eta a. Pa gen lòt eta ki te fè plis pou ede ak pwomouvwa fabrikasyon pwodwi atizanal pase New York, paske nou konnen lè biznis nou yo reyisi, tout New York reyisi.”

Phil Leinhart, ki se Brasè Anchèf Brasri Brewery Ommegang lan te di, “Se yon onè pou nou resevwa anpil vòt konsa a ki soti nan men fanatik nou yo toupatou atravè eta a, epi nou fyè pou nou reprezante Vilaj Cooperstown lan nan Konpetisyon Byè Atizanal nan Ouvèti Taste NY la. Se yon moman kontantman pou nou fè pati endistri byè atizanal la nan Eta New York epi nou ap kontan jwi de kominote akeyan, kolaboratif k ap devlope nan Empire State la antanke manm.”

Phil Vallone, Donna Vallone, ak Linda DeSabato, ki se pwopriyetè Roscoe NY Beer Co. te di, “Konpayi Roscoe Beer Company an fyè pou nou reprezante ti vil Roscoe NY la nan final Konkou Byè Atizanal nan Ouvèti Taste NY la. Epi sipò fanatik nou yo ak kominote a te montre nou an fè nou vrèman santi nou onore paske yo pote mete nou jis nan final konkou tès goute a. Antanke yon Brasè Fèm New York, nou fyè pou nou fè pati endistri atizanal k ap toujou kontinye devlope a non sèlman paske n ap founi bon jan kalite byè atizanal, men tou n ap ranfòse ekonomi New York la.”

Yon panèl jij ki genyen ladan espesyalis swivan sa yo te jije senk finalis yo: Chèf Kizinye Mario Batali; Ansyen Pwofesyonèl Jwè Foutbòl Ameriken ki gen non l'enskri nan Tanp renonmen NFL lan, Thurman Thomas; Anne Becerra, ki se yon Siseron Sètifye (Certified Cicerone), Ekriven epi Direktè Byè pou Treadwell Park; Mary Izett, Ko-Animatè Fuhmentaboudit! sou Heritage Radio Network; Noah Kaufman, Editè Dijital Anchèf Magazin Food and Wine lan; ak Brad Leone, Manadjè pou Goute nan Kwizin pou Bon Appetit. Garrett Oliver, Brasè Anchèf Brasri Brooklyn Brewery a ak Editè Anchèf The Oxford Companion to Beer, te sèvi kòm animatè evènman sa a.

Yo te lanse premye Konkou Byè Atizanal Taste NY la nan dat 2 me e yo te envite moun New York vote pou brasri atizanal New York yo pi pito a, tousa pou selebre divèsite, pòte, ak bon jan kalite ki genyen nan endistri byè atizanal New York la. Plis pase 170 brasri te anrejistre pou patisipe, e te gen plis pase 42,000 vòt anliy.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York se lakay kounye a pou 321 mikwobrasri, brasri fèm yo, ak brasri restoran yo, ogmante soti sèlman 50 brasri total an 2011 epi reprezante yon kwasans 542 pousan nan endistri an. Kwasans sa te reyalize atravè yon seri pwojè lwa ak rekonpans ekonomik yo, ki enkli kreyasyon Lisans Brasri Fèm an 2012, ki ap bay kredi enpo yo pou moun brasri yo, sa ki ap modènize Lwa Kontwòl Bwason Alkolik (Alcoholic Beverage Control Law) eta a, epi bay finansman pwomosyonèl. Pa ge okenn eta ki te fè pi plis pou kapab asiste epi pwomouvwa manifakti fabrik ke New York.

Chèf Kizinye Mario Batali te di, “Mwen kontan pou m sèvi kòm jij Konkou Byè Atizanal nan Ouvèti Taste NY la, ansanm avèk Gouvènè Cuomo. Mwen te gen chans bwè bon jan byè lokal epi mete aksan sou endistri bwason atizanal la, ki enpòtan anpil pou travay m ap fè nan endistri restoran ak nan endistri manje a. Konkou sa a vrèman montre kijan byè atizanal nan New York se yon fòs redoutab — alò felisitasyon a tout finalis la yo ak patisipan yo!”

Dean Jones, Brasè Anchèf Brasri Genesee Brewing Company an te di, “Brasri Genesee Brewing Company an te vrèman kontan anpil pou nou patisipe nan Konkou Byè Atizanal nan Ouvèti Taste NY la. Antanke brasri ki pi ansyen nan New York, nou deja wè – epi nou te deja ap patisipe nan – evolasyon endistri byè atizanal New York la pou l vin tounen yon kominote brasri inovatè k ap vrèman fleri atravè tout eta a. Sipò Gouvènè Cuomo te bay endistri byè atizanal la te vrèman mèveye, epi evènman tankou sila sa trè bon anpil pou tout brasri nan Eta New York yo, ki gen ladan Genesee tou. Se yon onè pou nou paske nou te gen chans pou nou antre an konpetisyon ak tout brasri mèveye sa yo. Jodi a pa sèlman yon bon jou pou Genesee – se yon bon jou pou tout brasri ki te patisipe nan konpetisyon an yo.”

Dawn Schulz, ki se Konfondatè Brasri Prison City Brewing lan te di, “Se yon onè pou nou menm nan brasri Prison City Pub & Brewing paske nou te patisipe nan Konkou Byè Atizanal nan Ouvèti Taste NY la epi bwè byè ak Gouvènè Cuomo. Gouvènè a, ansanm ak Asosiyasyon Brasè Eta New York la (New York State Brewer's Association) te fè anpil efò pou kontinye ogmante kwasans sèn byè atizanal la nan New York, epi nou rekonesan pou sipò yo.”

Enfòmasyon sou Gayan yo

Brewery Ommegang

Brasri Brewery Ommegang lan te ouvè pòt li an 1997 pou l te fabrike byè atizanal kreyatif ki gen estil varye, epi prete plis atansyon ak respè patikilye pou tradisyon brasri bèlj la yo. Ommegang chita sou 55 ekta fèm tè agrikòl nan Cooperstown, New York epi li ofri vizit gratis chak jou epi gen seyans tè goute ki pa koute chè ansanm ak yon ti restoran ki ka kenbe 75 moun, yon magazen ki toujou ranpli ak pwodwi brasri a yo, ak yon kalandriye anyèl ki gen evènman ki ouvè pou piblik la ki gen ladan yon seri konsè pandan ete a, yon festival lejandè byè a ki rele Bèljik Vini nan Cooperstown (Belgium Comes to Cooperstown). Cooperstown fabrike onz byè leje pandan tout ane a, ansanm ak yon bann seri byè leje inovatè sezonal ak espesyal. Moun ki byen konnen byè rafine vin rekonèt byè sa yo onivo nasyonal epi yo distribiye yo nan 46 eta ak onivo entènasyonal. An me 2016, yo te nonmen Brasri Brewery Ommegang lan ak Brasè Anchèf Phil Leinhart kòm chanpyon nan Konpetisyon Koup Dimond Byè 2016 la pou Brasri ak Brasè Anchèf Konpayi Brasri Mwayen yo (Brewery and Brewmaster for Mid-size Brewing Companies at the 2016 World Beer Cup).

The Roscoe NY Beer Co.

Moun ki fè konpayi Roscoe Beer Company an se moun ki renmen aktivite anplennè, ki anbrase kominote yo epi ki bay bèl bagay bèl peyi nou an ofri yo anpil valè. Nou se pwopriyetè biznis, manman, papa, pechè pwason, chasè, siklis, chevalye, anseyan, ak machè. Nou travay di, nou pran plezi nou tou, epi nou absoliman renmen bon jan byè nan moman apwoproye! Nou tout gen yon koneksyon solid ak Roscoe epi nou kwè yon ti vil, ki reprezante prensip Ameriken yo menm jan ak pa nou an, merite pwòp byè pa li!

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418